



Bèt Ki Monte Soti Nan Lanmè-a

Kite'm kòmanse li pou nou vèsè ki montre ki kote bèt la te soti:

¹ E mwen te kanpe sou sab lanmè yo, e mwen te wè yon bèt k'ap **monte soti nan lanmè a**, li gen sèt tèt ak dis kòn, e sou kòn li yo dis kouwòn, e sou tèt li yo anpil non blasfèm.² Bèt mwen te wè a te tankou yon leyopa; e pye'l yo te menm jan ak pye yon lous, e bouch li sanble ak bouch yon lyon: e dragon an te ba'l pouvwa'l yo, ak chèz li, ak gwo otorite. Revelasyon 13:1-2

Senbòl dlo: Li klè ke bèt la te monte soti nan lanmè. Men, kòm Liv Revelasyon se yon liv ki gen anpil sekre, nou ka konkli ke lanmè kote bèt la te soti-a gen yon siyifikasyon misterye; nan kondisyon sa-a - li obligatwa pou'n konprann senbòl dlo lanmè-a. Diksyonè Oxford defini **lanmè** kòm yon "pil **dlo sale** ki kouvri pi fò nan sifas planet la, e ki antoure tout kontinan sou tè-a." Lanmè se yon mas dlo sale.

Pawòl Bondye-a itilize "dlo" anpil fwa sou diferan fòm parabol. Pafwa dlo te kapab senbolize moman difisil chak jou nan lavi yon moun (Lamantasyon 3:54; Sòm 69: 1-2; 69: 14-15). Nan kèk lòt kondisyon, nou te kapab wè dlo tankou yon ènmi (2 Samyèl 22: 17-18; Sòm 18: 16-17, 124: 4-5; Jeremi 47: 2; Ezayi 8: 7). Dlo ta ka tou reprezante delivrans ak lavi etènèl (Revelasyon 21: 6, 22: 1-2, 22:17; Ezayi 12: 3, 55: 1). Dlo te kapab senbolize sipò ak jijman Bondye (Izayi 28:17, 8: 6); ankò dlo ka reprezante **angajman** e li ka reprezante tou **Pawòl** lòm nan elatriye... (Pwovèb 18: 4, 20: 5).

De dènye ekspresyon sa yo, "**angajman ak pawòl**" lòm nan, se sou yo ke etid sa-a pral kanpe. Ou va petèt mande'm poukisa? Ebyen, repons lan senp: lè yon nonm **angaje'l** ak yon bagay oswa ak yon moun, li pare pou'l fè tout sa'l konnen pou'l defann li. E premye zouti oswa zam ke nou menm moun nòmalman itilize pou defans, se "**pawòl**". Pa egzanp, moun ki angaje yo nan sa ke yo panse, pral investi yon tan pou fè panse sa yo tounen reyalyite senpleman lè yo itilize pouvwa ki soti nan pawòl. Avèk anpil pasyon, angajman yo pran yo pral pouse yo pou y'al defann kwayans yo; e pawòl pasyone ke yo pral itilize yo – pral kreye emosyon, yo pral touche kè, e enspire moun ki nan antouraj yo.

Sonje byen, nan mond n'ap viv la, "pawòl" kapab divize an de kategori: seswa se **Pawòl verite**, oubyen se **pawòl manti**. Depi nan kòmansman an pawòl la te pawòl. Pawòl pa't gen anyen nan mitan'l. Pa't gen okenn separasyon sou okenn fòm. Pawòl la te sèlman rekonèt tankou - pawòl. An reyalyite, se lè Dyab la te tòdye verite Bondye-a, e li te bay nesans ak manti, ke divizyon te jwenn yon plas. Depi lè sa-a, yon lòt "pawòl" tankou **konesans byen ak mal** te vin pran egzistans. Nan kondisyon sa-a, nou ka egalman prezante konesans sa-a tankou **konesans verite ak manti**. Se egzakteman konesans sa-a ke Bondye te di Adan ak Èv pou yo pa manje-a, osinon yo va mouri. Pa gen okenn fason, pou pèsòn plòtonnen **limyè ak fènwa** ansanm epi pou'l kapab wè twou ki devan l'an. Mwen pa konnen ki jan yon moun te kapab melanje yon valè **dlo pwòp ak dlo anpwazonnen**, pou'l bwè li, epi pou'l soti vivan.

Lè Adan ak Èv te manje fwi konesans byen ak mal la, yo te dezobeyi Bondye, e peche te rantre nan kè yo, kòm nou tout konnen, salè peche se lanmò. Wi, fòk yo te fè fas a konsekans yo. Men, mete nan tèt ou ke Bondye pa't janm gen lanmò nan entansyon pa'l. Lanmò se yon dezòd ki te kreye e ki te entwodwi pa Dyab la. Nan 1ye Korentyen 15:26, Apot Pòl te deklare ke lanmò se dènye lènmi ki pral tonbe anba destwiksyon, wi Satan se lènmi sa-a, li menm ki te bay egzistans ak manti, kreyatè tout malè ke nou ladan jodi a. Senyè Bondye nou an, pou'l netwaye verite-a, e konplètman detwi lanmò te vini ak yon plan de delivrans: Nan plan sa-a Bondye ap "Dechouke manti jouk nan rasin li". Pou Seyè-a rive fè sa, Legliz Kris la bezwen wè e konprann tout manti Satan yo a klè. Se pa yon travay k'ap fasil, Satan plante manti'l yo nan kè lòm nan. Bagay sa-a, tounen yon viris, yon ensèk, yon parazit ki detounen sans verite-a; Se poutèt sa ke kè lòm nan se lokasyon kote Bondye bezwen kòmanse operasyon netwayaj Li-a.

Konprann sa, manti pa lòt bagay ke yon verite ki tòdye oswa ki kwochi. Yon verite kwochi - yon manti - se yon mouvman mètdam ki marye kèk verite ak sa ki pa dwat. Aksyon sa yo gen pouvwa pou yo chanje direksyon verite-a, e fè'l pran yon koub k'ap mennen nan wout lanmò. Se pou rezon sa-a ke Satan te senbolize pa yon bèt kwochi, yon "sèpan" yon bèt ki pap janm ka mache dwat. Depi lè sa a, Senyè-a te kòmanse egzekite plan pou'l delivre nou anba deroutaj Satan. Plan Bondye se pou'l pwòpte non Li, e pou'l fè sa, L'ap kòmanse pa sanktifye Legliz Li-a, L'ap lave peche'l yo ak **dlo pwòp** e konsa L'ap mete fin ak lanmò; e tout moun ap konnen e temwaye ke Senyè-a se Bondye tout moun ki Sen yo; tande sa a:

²² Se poutèt sa, ale di andedan lakay Izrayèl, men sa Senyè Bondye te di; **mwen pa fè sa pou tèt ou menm**, O kay Izrayèl, **men se pou non pa'm ki se yon non apa**, ke nou te fi'n sal pami idolat yo, toupatou kote nou te pase.



²³ E Mwen pral **sanktifye non admirab Mwen yan**, ki te fi'n sal pami lòt nasyon yo, ke nou te fi'n sal nan mitan yo a; konsa lòt nasyon yo ap konnen ke se Mwen menm ki Senyè-a, Senyè Bondye-a te di, lè **anba je yo, M'a va rive sanktifye nan nou**.

²⁴ Paske M'ap wete nou pami lòt nasyon yo, e retire nou soti nan tout lòt peyi, e M'pral pote nou tounen nan pwòp tè pa nou.

²⁵ Epi **M'ap benyen nou ak bon dlo**, e n 'ap vi-n pwòp: de tout malsen, ak tout idòl nou yo, konsa m'ap pwòpte nou.

²⁶ **Yon nouvo kè m'ap bannou, yon nouvo espri m'ap mete sou nou**: e m'ap retire nan kò nou kè sa-a ki fèt ak ròch lan, e m'ap bannou yon kè ki fèt ak chè.

²⁷ E M'ap mete Espri'M sou nou, e fè ke nou mache dapre òdonans Mwen, e nou pral kenbe jijman'M yo, e pratike yo.

³² Se pa poutèt nou menm ke M'ap fè sa M'ap fè a... Ezekyèl 36: 22-27 / 36: 32A

Ou wè sa! Bondye ap sanktifye non Li a atravè Legliz Li a. Li pral kòmanse pa lave nou ak dlo pwòp, bannou yon nouvo kè, e mete Espri'L sou nou ...Ou tande sa, kite'm repete pou ou: 1^e Bondye ap lave nou ak dlo pwòp. 2^e Bondye pral chanje kè nou. 3^e Bondye ap fè'n kado Sentespri-a. Sa-a sonnen tankou yon bon plan...

Plan an te kòmanse avèk lave pèp li-a ak **dlo pwòp**. Bon jan dlo pwòp se sa Seyè-a te di L'ap itilize pou'L netwaye Legliz Li-a. Nou tout konnen ke pa gen okenn legliz ki ka lave avèk okenn dlo literal, nòmalman koze sa-a ap pale de yon netwayaj espiyèl ki pral opere nan legliz, lè'l va resevwa pawòl Bondye-a. (Efezyen 5:26; Ebre 10:22). An reyalyite, "dlo" ki pral fè travay netwayaj legliz la senbolize Jezi-Kris, Pawòl Bondye-a. Anou li:

²⁵ Mari, renmen madanm nou, menm jan Kris la te renmen legliz la, e li te bay tèt li pou li;

²⁶ Konsa L'ap ka sanktifye li e netwaye'l lè'l **lave'l nan dlo ak pawòl la**,

²⁷ Pou'L te ka prezante bay tèt li yon legliz glorie, ki pa gen tach, osinon chifonnen, e ki pa nan okenn zak malonèt sa yo; men li ta dwe apa e san okenn defo. Efezyen 5: 25-26

Mwen pa konn pou ou - men pou mwen, li trè klè ke pawòl la reprezante dlo ke Bondye pral itilize-a pou'L lave legliz Li-a. Nòmalman, pawòl se yon espri e pèsòn pa ta sipoze wè yon espri. Nan kondisyon sa-a, pou'L rive jwenn ti moun pwomès yo ak pawòl Li, Bondye, te oblije fè pawòl la pran yon fòm vizib e nou menm te kapab manyen'l. Jan 1:14 te revele ke pawòl Bondye-a te tounen chè, sa vle di ke pawòl la te tounen yon moun tankou nou, avèk pouvwa sipènatiyèl pou bay nesans, ak yon nouvo jenerasyon nonm ak fanm ki transfòm avèk yon bann nouvo ide (Legliz la), e ki te kwè nan sèl Pitit Papa-a, plen ak gras e ak verite. Koute, nonm sa-a, Jezi, se li menm ki **rivyè dlo ki bay lavi-a**.

Bondye pral kite rivyè dlo ki bay lavi-a koule nan kè-ou, transfòm lavi-ou e mete Espri'L nan-ou pou lavi etènèl. Pandan ke Satan, avèk twonpri ap ankouraje ou pou bwè nan rivyè dlo ki kontaminen-an, anpwazonnen lavi-ou ak move espri k'ap mennen nan kondansyon etènèl. Men, Bondye pap lage-ou – menm jan'L te separe lanmè wouj an de, pou pèp Li-a te pase nan mitan lan; pawòl verite-a, Jezi-Kris separe lanmè manti Dyab la an de, e Legliz senpleman gen pou'l pase nan mitan manti yo.

Pwovèb 21: 1 te di ke: kè lòm nan tankou yon rivyè dlo ki nan men Bondye. Tande byen, si kè-ou, se yon rivyè dlo pwòp, Bondye ap sèvi ak li pou glwa pa'L. Konsa tou, si kè-ou se yon rivyè dlo ki kontaminen, Bondye kapab sèvi ak li tou pou glwa pa'L. Pa egzanp, nan liv EKZÒD Senyè a di: ke Li te fè kè farawon vi-n di pou tout moun ka konnen non'L sou tout tè-a. Anou li:

¹² E Senyè-a te fè kè farawon vi-n di, li pa't koute yo, nan sa Senyè-a te di ak Moyiz yo. Egzòd 9: 12

¹⁶ E se pou rezon sa-a ke mwen te leve ou byen wo, pou pa ou menm pouvwa'm te kapab manifeste; e konsa non'm t'a pral eklate toupatou sou tout latè. Egzòd 9:16

Lè nou konnen istwa Moyiz ak Farawon nan peyi Ejipt, li si e sèten ke Senyè-a te fèmen kè Farawon pou glwa pa'L.

Men, Senyè-a te itilize tou kè moun ki gen bon jan konprann yo pou pwòp glwa pa'L tou.

Ann pran pa egzanp rankont Jezi ak fi ki te soti nan pèyi Samari-a. Fi sa-a pa't kapab konprann, e'l te refize kwè ke se yon jwif tout bon ki t'ap mande dlo pou'l bwè.

⁹ E fanm Samari te di'l, kijan sa fè fèt, pou ou menm ki se yon jwif, w'ap mande mwen menm ki se yon fanm Samari bagay pou bwè? Paske jwif yo pa gen okenn rapò ak moun Samari.

¹⁰ Jezi te reponn e di'l, si ou te konn kado Bondye-a, ak ki moun ki te di-ou, ban'm bwè-a; ou ta mande'l, epi li t'a ba'w dlo ki bay lavi-a. Jan 4: 9-10

Fi-a potko janm konprann toujou, li te twouble paske'l te panse ke Senyè t'ap pale de dlo ki soti nan sous ki nan tèt mòn yo.

¹³ Jezi te di'l konsa: Kèlkeswa moun ki bwè dlo sa-a ap swaf ankò:

¹⁴ Men, moun ki bwè dlo ke M'ap bay la p'ap janm swaf ankò; men dlo ke m'ap bali-a, ap vi-n nan li menm yon sous dlo k'ap monte nan lavi ki pap janm fini an. Jan 4: 13-14



Nou bezwen reyalize, ke rivyè dlo k'ap bay lavi-a ke Senyè-a t'ap ofri-a, te reprezante verite Bondye, e si li-menm, fanm Samari-a, te konnen ke Jezi se chemen, verite ak lavi-a, li t'ap resevwa'L tankou rivyè dlo k'ap bay lavi-a, sa vle di, li t'ap resevwa verite-a, e verite-a t'ap nan li-menm fi-a "yon rivyè dlo k'ap monte nan lavi ki pap janm fini an".

Tande sa, si verite Bondye-a se dlo k'ap bay lavi-a; manti Satan yo se yon dlo k'ap detwi lavi. E liv Jenèz la te eksplike aktivite sa-a yon fason pou tout moun te ka konprann.

Sonje, depi nan konmansman an tout dlo yo te ansanm, e fènwa te kouvri dlo yo. E Senyè-a te pral aji pou'L korije dezòd inakseptab sa-a.

Li 1^e te kreye limyè e separe limyè ak fènwa:

³ E Bondye te di, kite limyè fèt: Epi limyè te fèt. ⁴ Bondye te wè limyè a, ke li te bon: Bondye te separe limyè ak fènwa. *Jenèz 1: 3-4*

N.B: Fènwa ki te kouvri dlo yo depi nan kòmansman an, reprezante konfizyon ke Satan te kreye depi nan kòmansman an.

2^e Bondye te kreye yon fimaman e'L te separe dlo ki an wo yo avèk dlo ki anba yo:

⁶ E Bondye te di, se pou gen yon fimaman nan mitan dlo yo, e kite'l separe dlo avèk dlo.

⁷ E Bondye te fè fimaman an, e Li te separe dlo ki te anba fimaman an avèk dlo ki an wo fimaman an: e sa te pase konsa. *Jenèz 1: 6-7*

N.B: Yon fimaman se etablisman de yon fèm desizyon ke Bondye pran pou'L siyen e sele separasyon limyè ak fènwa, sa vle di siyen e sele separasyon byen ak mal, siyen e sele separasyon verite ak manti.

⁸ E Bondye te rele fimaman an syèl... ⁹ E Bondye te di kite dlo ki anba syèl la rasanble ansanm nan yon sèl kote, e ke kote ki sèk la parèt. E sa te pase konsa ¹⁰ Bondye te rele kote ki sèk la tè; e kote tout dlo yo te rasanble ansanm nan Li te rele li lanmè: *Jenèz 1: -8-10*

1^e) Bondye te kreye limyè e'L te chase fènwa.

2^e) Bondye te separe de konesans yo: konesans byen avèk konesans byen ak mal ki, youn aprè lòt te reprezante dlo ki an wo ak dlo ki anba fimaman an. Yon fwa ankò, konesans byen ak mal la se fwi konbine sa-a ke Adan ak Èv pa't sipoze manje a.

Sonje ke dlo ki pi wo fimaman an, pi wo syèl la, natirèlman vini sou fòm lapli oubyen sou fòm nèj. Lapli, tankou nèj, wouze tout tè-a e kreye sous dlo nan mòn yo, pou byen-èt tout kreyasyon an. Dlo sa yo senbolize rivyè dlo k'ap bay lavi-a. Pawòl Verite ki pote lavi ki pap janm fini-an. Nenpòt moun ki bwè dlo sa yo pap jamè swaf ankò; koute sa:

¹⁰ Paske menm jan lapli avèk nèj soti tonbe nan syèl la, e yo pa't tounen san yo pa't wouze tè-a, e fè'l jèmen, e fè pye bwa yo donnen, san yo pa't pote fwi pou plantè yo, ak pen pou moun manje: ¹¹ se konsa'l ye tou pou pawòl ki soti nan bouch mwèn: li p'ap janm tounen vi-n jwenn mwèn san rezilta, men li va akonpli tout sa ki fè'm plezi, e l'ap reyisi nan sa mwèn te ba'l fè yo. *Ezayi 55: 10-11*

Men, lè nou konsidere dlo ki anba fimaman an, sila ki anba syèl la, nòmalmman dlo sa-a reprezante lanmè-a. Dlo lanmè – se yon dlo ki gen anpil pwazon ladan'l, tout kalite dechè: dechè nikleyè, dechè toksik, dechè radyo-aktif, dechè medikal...elatriye, ki reprezante yon danje reyèl pou sante tout moun. Dapre yon rapò ki te soti nan United Nation Environment Programme (UNEP), gen anviron 20 milya tòn fatra ki jete nan lanmè chak ane. Annou pa bay tèt nou manti, nenpòt moun ki bwè dlo sa yo ap mouri kanmèm. Ebyen dlo sa yo refleto imaj Satan, yo se dlo anpwazonnen, manti k'ap detwi lavi pou tout tan an. Pou'n konkli, si dlo pwòp tankou lapli ak nèj, ki soti an wo fimaman an senbolize pawòl ki soti nan bouch Bondye, pawòl verite yo; pa gen okenn dout ke dlo anpwazonnen an, lanmè-a, ki anba fimaman an reprezante pawòl ki soti nan bouch Satan, pawòl manti yo. Nou konnen byen ke chak ti moso pawòl ki soti nan bouch Satan se yon manti. Si ou gen volonte – apresye sa-a: 70/100 dlo lanmè, dlo ki anpwazonnen an, , dlo ki kontaminen yo dlo ki polye-a nan tout alantou tè-a ...

Pou moun ki gen zòrèy pou tande, kite'm fè ou sonje, ke pawòl pwofesi sa-a vini pou avèti mwèn menm avèk ou sou nati pouvwa manti dragon an: Se poutèt sa Jan te di nan liv Revelasyon an ke 1^{ve} bèt la t'ap soti monte nan lanmè. Lanmè destriksyon an, espri manti yo, rivyè dlo anpwazonnen k'ap pote lanmò pou toutan an.

Veye e priye, pou nou pa tonbe anba tantasyon: se vre ke espri-a byen dispoze, men chè-a fèb. *Matye 26 :41*

Amèn!